



Pou Piblikasyon Imedya: 03/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

PANDAN VAKANS ETE A KÒMANSE, GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU INISYATIV "DEKONEKTE, SOTI DEYÒ" POU PARAN AK TIMOUN YO

Ankouraje paran yo pale ak timoun yo sou mete telefòn entelijan ak lòt aparèy dijital sou kote pandan vakans ete a epi vin pi aktif

Investisman Gouvènè a nan aktivite deyò, lwazi ak espò pou jèn bay plis aktivite pou timoun pandan vakans ete sa a

Gouvènè a mete an plas premye mezi sekirite nan peyi a sou "Konpayon IA" pou kontinye pwoteje timoun yo nan epòk dijital la

Pandan vakans ete a kòmanse pou plizyè milyon timoun ki nan laj lekòl atravè tout Eta Nouyòk, Gouvènè Kathy Hochul ankouraje jodi a pou paran, responsab ak moun k ap pran swen timoun yo pran mezi pou yo enfòme tèt yo sou fason pou pwoteje timoun yo sou entènèt. Jodi a, timoun ak adolesan yo plis plonje nan mond dijital la pase sa te janm ye anvan. Se yon jenerasyon ki grandi avèk aksè kontinyèl ak teknoloji. Pandan teknoloji bay anpil avantaj tankou ogmantasyon nan pwodiktivite ak pi bon aksè ak enfòmasyon, li ka genyen tou yon aspè negatif. Aspè negatif teknoloji a ka mennen nan depandans ak teknoloji, izolman sosyal, entimidasyon sou entènèt, ak ekspozisyon a kontni ki pa apwopriye. Se poutèt sa li enpòtan pou paran yo gen resous pou pwoteje aktivite timoun yo sou entènèt nan epòk dijital sa a.

"Ete a ofisyèlman rive, e nou vle pou fanmi nan Nouyòk pwofite li anpil — se pa pou pèdi tan ap woule ekran san rete," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje paran yo pou yo gen konvèsasyon sensè ak timoun yo sou risk lè yo pase twòp tan devan ekran, epi pou ede yo rekonèt ki lè pou yo lage aparèy yo, soti deyò epi kreye bèl souvni ak zanmi ak fanmi."

Sekretè Deta Walter T. Mosley, te deklare, "Kounye a ke vakans ete a rive, anpil timoun pral gen plis tan lib, men li enpòtan tou pou asire ke tan yo pa lekòl pa pase tout nan mond dijital la. Mwen ankouraje paran ak responsab yo sèvi ak konsèy sa yo ki soti nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection) kòm yon gid itil pou kòmanse konvèsasyon sou sekirite sou entènèt epi pou rekonèt ki lè pou dekonekte epi soti deyò!"

Pou ede konbat efè negatif rezo sosyal sou timoun yo, Gouvènè Kathy Hochul lanse dènyèm kanpay "[Dekonekte, Sòti Deyò](#)" a. Kanpay la ankouraje timoun ak fanmi Nouyòk yo dekonekte – depoze telefòn yo ak òdinatè yo, pran yon ti poz sou rezo sosyal yo, pwofite lwazi ak rasanbleman sosyal anplennè yo, epi mete sante mantal ak fizik yo an premye.

Kanpay la bati sou efò Gouvènè a pou ankouraje lavi ki an sante pami jèn yo ak fanmi yo epi pwoteje timoun yo sou entènèt. Ane pase, Gouvènè a te siyen [premye lejislasyon nan nasyon an](#) pou pwoteje timoun yo kont depandans rezo sosyal yo epi pwoteje done pèsònèl yo kont platfòm sou entènèt yo.

Amezi teknoloji ap avanse, teknoloji san kontwòl ki mache ak IA ap kreye nouvo risk, soti nan wobo tchat ki fonksyone ak IA ki simile relasyon pèsònèl rive nan aplikasyon trike ki pwodui imaj eksplisit minè yo. Ane sa a, Gouvènè Hochul te etabli pwoteksyon ki se premye nan nasyon an pou konpayon IA yo — wobo tchat yo fèt pou simile relasyon imen ak itilizatè yo, tankou yon zanmi oswa yon patnè amoure ki fèt ak IA. Operatè konpayon ki itilize IA nan Nouyòk pral kounye a obligatwa pou aplike yon pwotokòl sekirite si yon itilizatè pale de oto-mitilasyon, tankou refere itilizatè yo bay yon liy dirèk pou kriz, epi anpeche itilizatè yo anbaje yo pandan twòp tan ak sistèm sa yo. Pou konbat ogmantasyon enkyetan nan aplikasyon ak sit entènèt ki sèvi ak entèlijans atifisyèl pou "dezabiye" moun, Gouvènè Hochul asire yon mizajou nan lwa penal eta a pou trete materyèl abi seksyèl timoun ki pwodwi pa mwayen entèlijans atifisyèl kòm sa li ye, pònografi timoun.

Konsèy sa yo pral ede paran pwoteje ak sipòte timoun yo pandan yo sou entènèt:

GEN KONVÈSASYON OUVÈ

Kreye yon espas ki an sekirite pou timoun ak adolesan yo pale sou sa yo wè sou entènèt oswa nan rezo sosyal: Pale bonè epi souvan sou kontni ak enfòmasyon yo ka rankontre sou entènèt. Pataje egzanp epi diskite sou dilèm dijital yo ka rankontre regilyèman nan lavi konekte yo. Anseye timoun ou yo pou yo reflechi yon fason kritik sou kontni ak difikilte yo rankontre sou entènèt.

Ankouraje kesyon: Kreye yon anviwònman kote yo santi yo alèz pou poze kesyon san pè jijman. Poze kesyon ki reflekte egzanp ak sitiyasyon yo ka rankontre sou entènèt. Pa egzanp:

- Kisa yo panse sou defi viral yo?
- Kijan yo decide si yon bagay sou entènèt reyèl oswa fo?
- Kijan yo decide si yon bagay saj oswa san sans?

Pou ankouraje konvèsasyon ak timoun ou yo, gade [Family Tech Planners nan Common Sense Media](#) ki bay kesyon apwopriye pou laj yo pou diskite avèk yo.

Ankouraje konvèsasyon sou konpòtman sou entènèt ak enpak li sou repitasyon yo ak avni yo: Adolesan yo ka pibliye kontni ki ka domaje repitasyon yo sou entènèt

oswa opòtinite yo nan lavni. Pale ak timoun ou yo sou enpòtans pou pwoteje tras dijital yo, fè atansyon ak aktivite yo sou Entènèt, epi kenbe yon bon repitasyon sou entènèt. Li prèske enposib pou retire yon kontni nèt apre li fin telechaje sou entènèt, kidonk li esansyèl pou konprann risk yo. Platfòm sosyal yo swiv done yo, moun k ap swiv yo jije sa ki pibliye a, epi nenpòt kontni pataje sou entènèt ka kopye, pataje oswa itilize mal. Menm si yo gen entansyon pou yon bagay rete prive, yon anplwayè nan lavni ka wè nenpòt foto, pòs oswa kòmantè oswa pandan yon verifikasyon dijital antesedan. Mete aksan sou enpòtans pou reflechi byen anvan yo pibliye epi sou pèmanans sa yo mete sou entènèt.

Ankouraje konvèsasyon sou fason pou jere presyon rezo sosyal: Adolesan yo ka ekspozè ak kontni ki danjere ak ki pa apwopriye, tankou estanda kò ki pa reyalis, konparezon enjis, ak entimidasyon sou entènèt, epi yo ka santi yo bezwen montre yon imaj pafè sou entènèt. Konsantre sou bati konfyans ak estim pwòp tèt timoun ou yo nan lavi reyèl ka ede yo jere presyon nan rezo sosyal yo.

Avèti timoun ou yo sou reyalyte rezo sosyal yo ak danje "defi" rezo sosyal yo: Pale ak yo sou divès kalite defi yo ka rankontre sou entènèt, tankou aksyon danjere, konpòtman ki ka fè mal, ak aktivite ki ka fè yo wont.

Pale ak timoun ou yo sou danje yo ka rankontre sou entènèt: FBI rapòte yon ogmantasyon nan kantite ka kote yo menase timoun ak adolesan yo oswa fòse yo voye imaj eksplisit sou entènèt. Pou konbat eskwokri sou chantaj seksyèl, pale ak timoun ak adolesan ou yo sou sekirite sou entènèt ak risk pou yo trape yo sou entènèt. Yon pwèn antre komen nan anpil ka chantaj seksyèl se atravè aplikasyon rezo sosyal tankou Instagram oswa Snapchat, kidonk raple yo ke lòt moun ka anrejistre foto oswa videyo epi itilize yo pita pou fè chantaj. Gade plis resous pou pale ak timoun ak adolesan sou [sit entènèt FBI a](#).

DEFINI LIMIT AN SEKIRITE AK AN SANTE POU UTILIZASYON ENTÈNÈT:

Defini kontwòl parantal: Swiv aktivite timoun ou sou entènèt, fikse limit ki apwopriye pou laj li, epi kreye règ.

Aktive kontwòl parantal: Kontwòl paran yo ka itilize pou jere tan devan ekran, bloke kontni ki pa apwopriye, anpeche depans aksidantèl, epi kenbe moun etranje lwen. Sèvi ak lojisyèl oswa aplikasyon kontwòl paran pou limite aksè a kèk sit entènèt oswa kontni. Pou aprann kijan pou aktive kontwòl parantal, gade [Gid Pratik Internet Matters](#).

Tcheke Paramèt Vi Prive yo: Fè tèt ou abitye ak anviwònman vi prive aparèy timoun ou yo sou tout platfòm sou entènèt yo, epi konsidere limite kiyès ki ka jwenn aksè ak enfòmasyon pèsònèl yo, lis kontak yo, ak kote yo ye a. Asire anviwònman vi prive yo apwopriye pou laj yo epi ke yo konprann kijan pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl yo.

Pou plis enfòmasyon sou fason pou w defini gid parantal, verifye alèt konsomatè DCP yo sou [Konfidansyalite Done ak Jwèt Videyo sou Entènèt](#) ak [Jwèt Teknoloji pou Timoun](#).

ANKOURAJE EDIKASYON DIJITAL AK SEKIRITE:

Pwoteksyon, Sekirite ak Vi Prive: Ankouraje bon pratik sekirite sou entènèt tankou mete modpas fò epi jere anviwònman vi prive regilyèman. Si yo gen yon kont rezo sosyal, asire kont rezo sosyal yo a defini kòm an prive epi raple yo rejte demann zanmi moun yo pa konnen.

Kenbe lojisyèl la ajou: Asire aparèy timoun ou yo gen dènve lojisyèl ak koreksyon sekirite yo. Mete mizajou otomatik yo si aparèy ou an sipòte yo.

Fè atansyon ak fwod ak vòl idantite: Li esansyèl pou timoun yo konnen sa ki fwod ak vòl idantite, paske sa yo ka gen konsekans pèsònèl grav. Pale ak timoun ou yo sou nesosite pou yo pridan ak sou komunikasyon yo pa mande: pa klike sou lyen oswa louvri atachman ki soti kote moun yo pa konnen. Magouyè ak predatè souvan vize timoun avèk mesaj ak demann zanmi yo pa mande.

Rete Ajou: Amezi nouvo teknoloji dijital yo parèt, yo pote yon seri defi k ap toujou chanje sou pwoteksyon done ak vi prive sou entènèt. Divizyon Pwoteksyon Konsomatè nan Depatman Deta NYS bay resous GRATIS ak konsèy sou sekirite sou entènèt, prevansyon fwod ak vòl idantite. Nou ofri yon seri atelye an pèsòn ak wèbinè GRATIS ki adapte pou adolesan ak paran yo. Raple pitit ou yo ke yo ka jwenn èd. Prezantasyon sou Sekirite sou Entènèt nou yo bay estrateji ak konsèy pou navige mond dijital la an sekirite. Pou aprann plis sou prezantasyon nou yo oswa pou mande yon prezantasyon, tanpri vizite [sit entènèt](#) nou an.

Enfòmasyon sou Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta Nouyòk la

Swiv Depatman Deta Nouyòk sou [Facebook](#), [X](#) ak [Instagram](#) epi tcheke chak madi pou jwenn plis konsèy pratik ki edike ak ekipe konsomatè Nouyòk yo sou yon varyete sijè. Enskri pou resevwa alèt konsomatè yo dirèkteman nan imèl ou oswa nan telefòn ou [isit la](#).

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè yo nan Eta Nouyòk ap sèvi kòm medyatè volontè ant yon konsomatè ak yon biznis lè yon konsomatè pa te reyisi jwenn yon rezolisyon poukont yo. Liy Èd Asistans Konsomatè a 1-800-697-1220 disponib soti lendi rive vandredi depi 8:30am rive 4:30pm, sa pa enkli peryòd Vakans Eta a yo, epi nou kapab depoze plent konsomatè yo nenpòt lè nan www.dos.ny.gov/consumerprotection. Ou ka kontakte Divizyon an tou atravè X nan [@NYSConsumer](#) oswa [Facebook](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)